



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 4 novanm 2013

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ESPANSYON SÈVIS DMV SOU ENTÈNÈT POU MOUN KA WÈ STATI LISANS YO EPI MANDE RENOUVÈLMAN AK RANPLASMAN DOKIMAN AN

Nouvo Opsyon MyDMV a Ogmante Sèvis pou Kliyan epi Ede Diminye Vizit nan Biwo DMV

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a New York State Department of Motor Vehicles (DMV) ogmante sèvis entènèt li yo, sa ki rann li pi fasil pou chofè New York wè byen rapid epi byen fasil stati aktyèl lisans chofè yo epi renouvle oubyen ranplase yon lisans chofè, pèmi oubyen lòt pyès idantite sou entènèt sou sitwèb DMV a.

“Olye Nouyòkè ale pran liy nan DMV a, jounen jodi a yo ka renouvle oubyen ranplase lisans chofè yo, tyeke kantite pwèn sou lisans yo, ak plis ankò ak yon klik sou yon bouton,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Espansyon sèvis sou entènèt DMV yo fè pati efò administrasyon m lan pou li pi fasil ak pi pratik pou Nouyòkè jwenn otorite eta yo. M ankouraje tout Nouyòkè pou y ale sou entènèt pou pwochen bagay yap gen pou regle ak DMV a.”

Anplis sèvis yo ki liste pi wo a, kliyan ap kapab tou tyeke adrès yo genyen nan dosye, tout andòsman oubyen restriksyon sou kondi machin, kantite pwèn ki sou lisans yo, ak enfòmasyon sou sispansyon oubyen anilasyon epi etap yo pou swiv pou retire yo. Nouvo sèvis la disponib pou moun ki kreye yon kont MyDMV gratis sou sitwèb DMV a epi fè pati Inisyativ Sèvis Kliyantèl ajans lan.

Komisyonè Motor Vehicles Barbara J. Fiala te di konsa, “Objektif Sèvis Kliyantèl nou an se fè tout operasyon nou yo vit, fasil ak pratik. Nouvo sèvis sou entènèt sa se yon viktwa pa sèlman pou kliyan yo ki ale sou entènèt men tou pou moun yo ki bezwen vizite yon biwo paske vizit nan biwo DMV yo pral diminye.”

Menm lè yo rive jwenn enfòmasyon ak fè tranzaksyon sou lisans chofè yo, kliyan sou entènèt MyDMV yo ka enskri tou pou resevwa renouvèlman enskripsyon ak rapèl enspeksyon, achte yon kopi dosye chofè yo, anrejistre pou vote epi anwole kòm donè ògan, ansanm ak plis pase 35 tranzaksyon adisyonèl ki ka fèt sou sitwèb DMV a.

Kliyan ki gen yon lisans chofè ka enskri pou resevwa kont MyDMV gratis yo sou sitwèb DMV a (www.dmv.ny.gov). Enskripsyon fasil epi mande kliyan pou yo bay enfòmasyon ki enprime sou lisans yo ak kat dènnye chif nimewo Sosyal Sekirite yo. Kliyan chwazi tou yon non itilizatè ak modpas lè l ap kreye yon kont ki pral pèmèt li mennen lòt tranzaksyon alavni.

###

W ap jwenn lòt nouvel nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418